МКОУ « Ленинаульская СОШ № 1 имени героя Советского Союза Х. Нурадилова»

| Согласовано: | Утверждаю: |
|---|---|
| зам. дир. по УР<br>Джамалдинова З.Ш.<br><br>« 26» август 2023г. | Директор МКОУ « ЛСОШ № 1»<br>Аскендерова Х.Н.<br>Протокол пед.совета №__198__<br>«_26_» август 2023 г. |

# Рабочая программа
# по родному (аварскому) языку
# для 9 класса

## учительницы родного языка и литературы
## Магомедалиевой Б.У.

2023 – 2024г.

**ПРОГРАММАЯЛЪЕ БАЯН** *9 КЛАСС*

...Школалъул цIакъго кIвар бугеб масъалалъун ккола гIун бачIунеб гIелалъе щулияб ва гъваридаб лъай кьей, гьезулъ гьеб лъай практикаялда хIалтIизабизе бажари ва ругьунлъи лъугьинаби, дунялалдехун материалистияб бербалагьи бижизаби.

Авар литературияб мацIалъул кьучI ккола бол мацI, амма литературияб мацI бечелъизе кIвар бугеб магIданлъун ккола киналго диалектал ва наречиял. Цогидал мацIазго гIадин, авар мацIалъги гIаммаб куцалда тIолго магIарулазул рухIияб бечелъи жанибе бачуна.

Ахираб заманалда гIисинал миллатазул мацIал церетIеялде цIикIкIараб кIвар кьолеб буго. Гьел миллатазул рукIа-рахъин цебетIеялдаго цадахъ, гьезул мацIалги бечелъула, церетIола ва хадубккунги гьел церетIезаризе руго.

**Школалда авар мацI малъиялда церечIарал масъалаби.**

Авар мацI школалда лъазабиялда церечIарал масъалабилъун ккола: цIалдохъабазул кIалзул ва хъвавул калам цебетIезаби, пасихIго цIали камиллъизаби ва каламалъул культура борхизаби.

Школалда авар мацI малъиялъул мурад буго: цIалдохъабазе фонетикаялъул, лексикаялъул, рагIи лъугьиналъул ва хисиялъул, грамматикаялъул, стилистикаялъул хIакъалъулъ лъай щвей, жамгIияб гIумруялда жаниб гьелъул кIваралъул хIакъалъулъ баянал кьей, битIунхъваялъул ва лъалхъул ишараби лъеялъул иш камиллъизаби, лъималазул рагIул нахърател бечелъизаби.

Рахьдал мацIалъул программаялда рекъон, 9 классалда малъизе ккола жубараб предложениялъул синтаксис, рак1алде щвезарила морфологиялъул, фонетикаялъул, лексикаялъул, г1адатаб предложениялъул синтаксисалъул х1акъалъулъ 5-8 классазда щвараб лъай. Гьединго цIалдохъабазда лъазе ккола стилистикаялъул ва мацIалъул хIакъалъулъ гIаммал гIелмиял баянал. ЦIалдохъаби ругьунлъизе ккола битIун хъвазе, битIун цIализе, калам гIуцIизе ва лъалхъул ишараби лъезе.

**ЦIалдохъабазул калам цебетIезаби ва гьел пасихIго цIализе ругьун гьари.**

Школалда авар мацI малъиялъ цIалдохъабазул логикияб пикру ва калам цебетIезабула.

Калам цебетIезабиялъе цоцада хурхараб лъабго нух буго.

**Калам цебетIеялъул тIоцебесеб нух** буго авар мацIалъул дарсазда лъималазул рагIул нахърател бечед гьаби.

Авар мацIалъул дарсазда лъималазул рагIул нахърател бечед гьабула батIи-батIиял словариял хIалтIабаздалъун, учебникалда ругел ругьунлъиялъул хIалтIабазул текстаздалъун, кIалзул ва хъвавул изложенияздалъун, сочинenияздалъун. ЦIалдохъабазулгун словарияб хIалтIи гьабулелъул, гьел, жалго жидедаго чIун, ричIчIуларел рагIаби ратизе, гьезул магIна учителасда гьикъизе ругьун гьари, словараздаса битIун пайда босизе лъай – бищунго кIвар бугел хIалтIабилъун ккола.

**Калам цебетIезабиялъул кIиабилеб нух** буго авар литературияб мацIалъул рагIаби лъугьиналъул, гьел дандраялъул, предложениял гIуцIиялъул, битIун цIалиялъул ва гь. ц. нормаби лъай. Гьеб рахъалъ программаялда жиб-жиб темаялъул кIиабилеб пункталда гьоркь чIванкъотIун бихьизабун буго щибаб классалда лъималазе щвезе кколеб лъайги гьезухъа лъугьине кколеб бажариги.

**Калам цсбстIезабиялъул лъабабилеб нухги** буго авар мацIалъул дарсазда батIи-батIияб темаялъул ва жанралъул материалазда тIасан цIалдохъаби кIалъазе ругьун гьари.

Калам гIуцIизе цIалдохъаби ругьун гьариялъе лъикIалан заманги бихьизабун буго (Авар мацIалъе рихьизарурал сагIтазул щуго бутIа гьабун цо бутIа). Калам гIуцIизе ругьун гьари цIикIкIараб кIвар бугеб иш бугелъул, гьелъие мацIалъул программаялда жиб-жиб классалъе батIаго темабиги кьун руго.

ЦIалдохъанасда лъазе ккола тексталда тIад хIалтIизе, гьелъул аслияб пикру батизе, къокъаб ва гIатIидаб план гIуцIизе, гьелда рекъон материал тартибалдеги ккезабун, бицунги хъванги изложение тIобитIизе.

Авар мацIалъул дарсазда кIвар кьезе ккола цIалдохъабазул кIалзул монологияб калам камиллъизабиялде. Гьелъие гIоло цIалдохъаби тIамизе ккола батIи-батIиял темабазда тIасан кIалъазе.

ТIолабго лъагIалида жанир гьарурал хIалтIабаздалъунги, изложенияздалъунги, сочинениялдалъунги цIалдохъабазулъ битIараб кIалзул ва хъвавул калам гIуцIиялъул бажари лъугьине буго.

Изложениязе текстал ва сочинениязе темаби тIаса рищулеб мехалъ, гьел тарбия кьеялъул ва гIелмияб рахъалъан дандекколел рукIине ккола.

ЦIалдохъабазул калам цебетIезабиялъе бихьизабураб лъабабго нухалъ гьезул каламалъулъ дандчIвалел гIунгутIаби ва гьалатIал тIагIинаризе квербакъула.

ЦIалдохъабазул калам цебетIезабиялда бухьараб буго пасихIго цIализе лъазабиялъул ишги.

ПасихIго цIалиялъул ругьунлъаби камиллъизаризе, художествиял текстал (хабар, маргьа, кечI) росула.

ПасихIго цIализе лъимал ругьун гьариялъе синтаксис лъаялъулги кIудияб кIвар буго. Гьелъ рес кьола калам камил гьабизе ва цебетIезабизе.

БитIунхъваялъул рахъалъ бажари борхизабула, батIи-батIияб тайпаялъул (гIинзулаб, берзулаб, кантIизариялъулаб, баян гьабиялъулаб, творческияб гIадал) диктантал гьарун.

Контролияб диктанталъе цо дарсил лъикIалан заман кьезе кколеб батани, битIун хъвазе ругьун гьариялъе ругел батIи-батIиял диктантазе дарсил цо бутIа кьуниги гIезе буго.

Диктантазе росулел текстал къваригIарал орфограммабазул рахъалъ бечедал рукIине ккела. Гьединаб къокъаб диктант, кIиго анкьида жиниб цо нухалдагIаги гьабуни, лъикI букIина.

Программаялъул ахиралда хъвавул хIалтIабазул (диктантазул, изложениязул ва сочинениязул) къадар бихьизабураб таблица кьун буго.

**Авар мацIалъул дарсазда цоги предметазулгун бухьен**

Школалда цIалдохъабаз аслияб куцалда лъазабула литературияб мацI. Гьединлъидал щулияб бухьен букIине ккола адабияталъул курсалъулгун. Гьениб кIвар кьезе ккола художествиял асаразде. Гьелъ рес кьола мацIалъул цо-цо хаслъи цебечIезабизе, рагIаби хIалтIизариялда, грамматикиял формабазда, батIи-батIиял синтаксисиял гIуцIабазда, тексталъул бутIабазул ва предложениязул бухьеналъул къагIидабазда, калам хIалтIизабиялъул батIи-батIиял рахъазда хурхарал суалал баян гьаризе.

КIудияб кIвар буго гIурус мацIалъулгун бухьен кквеялъулги. Гьелъги рес кьола кIиябго мацIалъул грамматикиял гIаммал ва хасал рахъал чIезаризе, ай, цого классалда гьеб кIиябго мацI лъазабулелъул, гьезул дандекколелги кколарелги рахъазул хIисаб гьабун, дарс кьей чара гьечIеб методикияб къагIидалъун ккола. Гьебго абизе бегьула школалда лъазабулеб къватIисеб пачалихъалъул мацIалъул хIакъалъулъги.

**Гьаб 9 классалда авар мац1 малъиялъул программа г1уц1ун буго** ООО «Издательство НИИ педагогики» ялъ къват1ибе биччараб «Авар мац1алъул программаби 5-9 ва 10-11 классазе» абураб, Дагъистан Республикаялъул лъайкьеялъул ва г1елмияб министерствоялъ тасдикъ гьабураб программаялъул кьуч1алда

МКОУ «ЛСОШ№1» лъайкьеялъул идараялъул планалда рекъон, авар мац1алъе 9 абилеб классалда бихьизабун буго 2 саг1ат. Кинабниги лъаг1алие – 68 саг1ат

**IX КЛАСС (68 сагIат)**

**Такрар гьаби**

**Жубараб предложение**
**Журарал сокIкIарал предложениял**

1. Журарал сокIкIарал предложениязул хIакъалъулъ гIаммаб баян.

Цолъизарул, дандеккунгутIиялъул, гьоркьоса рахъиялъул союзалгун журарал сокIкIарал предложениял.

...араби

... бажари. Журарал

**СоюзрагIабигун журарал нахърилълъарал предложениял**

1. Жубараб нахъбилълъараб предложениялъул хIакъалъулъ гIаммаб баян.

БетIераб ва тIаджубараб предложение.

Нахърилълъиналъул союзрагIабигун бугеб жубараб нахъбилълъараб предложение.

2. Нахърилълъиналъул союзрагIабигун бугеб жубараб нахъбилълъараб предложениязул бутIабазулъ магIнаялъулъ рекъон кколел союзрагIаби хIалтIизаризе ругьун гьари.

Нахърилълъиналъул союзрагIабигун ругел журарал нахърилълъарал предложениял жиндирго каламалъулъ хIалтIизаризе лъай.

**Нахърилълъиналъул союзрагIаби гьечIого журарал нахърилълъарал предложениял ва гьезул гIуцIи**

1. ТIаджурарал предложениязул аслиял тайпаби ва гьезул сказуемоелъун кколел формаби:

Подлежащеелъун тIаджубараб предложение.

БитIараб дополнениелъун тIаджубараб предложение.

Хъвалсараб дополнениелъун тIаджубараб предложение.

Определениелъун тIаджубараб предложение.

Цо чанго тIаджубарабгун бугеб жубараб нахъбилълъараб предложение. Гьелъул гIуцIи ва лъалхъул ишараби.

ХIаллъун тIаджурарал предложениял.

Ишалъул куцлъун тIаджубараб предложение.

БакIлъун тIаджубараб предложение.

Заманлъун тIаджубараб предложение.

ГIилла-мурадлъун тIаджубараб предложение.

ШартIияб тIаджубараб предложение.

Уступительнияб тIаджубараб предложение.

Нахърилълъиналъул союзрагIаби гьечIого жубараб нахъбилълъараб предложениялъулъ лъалхъул ишараби.

2. БетIерабги тIаджубарабги предложение, интонацияги цIунун, пасихIго цIализе ругьун гьари.

Нахърилълъиналъул союзрагIаби гьечIого, журарал нахърилълъарал предложениял жидерго каламалъулъ хIалтIизаризе, гьел гIуцIизе ва гьезулъ лъалхъул ишараби лъезе цIалдохъаби ругьун гьари.

**Союзал гьечIел журарал предложениял**

1. Союзал гьечIел журарал предложениязулъ ругел бутIабазул цоцаздехун бугеб гьоркьоблъи. Союзал гьечIел журарал предложениязулъ лъалхъул ишараби.

2. Союзал гьечIел журарал предложениял, интонацияги цIунун, цIализе ругьун гьари.

МагIнаялъулъ рекъон кколел союзал ялъуни союзрагIабиги лъун, союзал гьечIел журарал предложенияздаса журарал сокIкIарал ва нахърилълъарал предложениял лъугьинаризе бажари.

**БитIараб ва хъвалсараб калам**

1. БитIараб каламгун предложениял ва гьенир лъалхъул ишараби. БитIараб каламалда ва авторасул рагIабазда гьоркьоб бугеб бухьен.

Хъвалсараб каламгун предложение. БитIараб калам хъвалсаралдалъун хиси.

Диалог. Цитатал ва гьенир лъалхъул ишараби.

2. БитIараб каламгун предложениял гIуцIизе бажари.

Кколеб интонациягун, битIараб каламгун предложениял цIализе ругьун гьари.

БитIараб калам хъвалсаралде сверизабизе ругьун гьари.

**МацIалъул хIакъалъулъ гIаммал баянал**

Бухьеналъул алат хIисабалда мацI. ЦебетIолеб лъугьа-бахъин хIисабалда мацI. Аваразул литературияб мацI ва гьелъул диалектал.

**Такрар гьаби**

**Калам цебетIезаби**

Каламалъул стилалъул, темаялъул, аслияб пикруялъул, тексталъул хIакъалъулъ щварал баянал тартибалде рачин.

Героязул ишазул, хасият-гIамалалъул хIакъалъулъ биценги гъорлъе ккезабун, хабариял текстазул тIасабищараб изложение хъвай. Моралиябгун этикияб, общественниябгун политикияб темаялда хурхараб сочинение хъвай.

РухIияб бечелъиялда, общественниябгун политикияб темаялда хурхараб доклад ялъуни реферат хъвай.

Живго жиндаго чIун, цIалараб асаралъул героясе характеристика кьезе лъай (бицунги хъванги).

Кинофильмалъул, тIехьалъул хIакъалъулъ рецензия хъвазе лъай.

БатIи-батIияб темаялда хъварал макъалабазул къокъаб хIасил хIадури.

**IX классалъул цIалдохъабазул лъаялдехун ва бажариялдехун ругел аслиял тIалабал**

**ЦIалдохъабазда лъазе ккола:**

журарал предложениязул синтаксисияб разбор гьабизе;

батIи-батIияб тайпаялъул журарал предложениял данде гьаризе;

битIараб калам хъвалсаралде сверизабизе.

**ЦIалдохъабазухъа бажаризе ккола:**

**пунктуациялъул рахъалъан:**

жубараб сокIкIараб предложениялъул бутIабазда гьоркьоб

запятая лъезе;

жубараб предложениялъул бетIераб ва тIаджубараб бутIаялда гьоркьоб кколелъуб запятая лъезе.

союз гьечIеб жубараб предложениялъулъ хIажатал лъалхъул ишараби лъезе;

IX классалда лъазарурал пунктограммаби ратизе ва лъалхъул ишарабазе баян кьезе.

**Калам гIуцIиялъул рахъалъан:**

цо чIараб темаялъул хIакъалъулъ кIудияб асаралъул

тIасарищарал бакIал рицине;

2-3 асаралда тIасан доклад хIадур гьабизе;

гьитIинаб ялъуни кIудияб макъалаялда тIасан конспект ялъуни тезисал хIадуризе;

жалго жидедаго чIун, тIасабищараб темаялда тIасан публицистияб стилалъул сочинение хъвазе;

гIарза ва автобиография хъвазе;

МацIалъул ва магIнаялъул рахъалъан сочинение камиллъизабизе.

**Орфоэпиялъул рахъалъан:**

кIалзул калам литературияб норма цIунараб ва диалектаздаса бацIцIадаб букIинабизе.

**ЩИБАБ ЧЕТВЕРТАЛДА ГЪАРУЛЕЛ БАТIИ-БАТIИЯЛ ХЪВАВУЛ ХIАЛТIАБАЗУЛ КЪАДАРАЛЪУЛ ХIАКЪАЛЪУЛЪ БАЯН**

| Иргадул | Классал ва четвертал | IX класс<br>четвертал |
|---|---|---|
| №№ | Хъвавул хIалтIабазул тайнаби | 1 2 3 4 |
| 1. | Контролияб диктант | 1 - 1 1 |
| 2. | Ругъун гъариялъул диктант | 1 1 - 1 |
| 3. | Контролияб изложение | 1 - 1 - |
| 4. | Ругъун гъариялъул изложение | 1 - 1 - |
| 5. | Контролияб сочинение | - 1 - 1 |
| 6. | Ругъун гъариялъул сочинение | 1 – 1 - |

**Хъвавул хIалтIабазул кIодолъи борцуна рагIабаздалъун**

**ва чIезабун буго гъезие гъаб къадар.**

| *Класс* | *Диктант* | *Словарияб диктант* | *Сочинение* | | *Изложение* |
|---|---|---|---|---|---|
| | *РагIи* | *РагIи* | *РагIи* | *ТIанчил гъум* | *РагIи* |
| IX | 130-140 | 30-35 | 180 | 2,5-3,5 | 300-400 |

**Календариябгун – тематикияб план** *9 класс авар мац1 (2 с)*

| *№* | *Дарсил тема* | *Саг1ат* | *Дарсил тайпа* | *Дарсил мурад* | *Дарсида х1алт1изарулел къаг1идаби* | *Рокъоб х1алт1и* |
|---|---|---|---|---|---|---|
| **1 четверть - 16 саг1ат** | | | | | | |
| 1 | Морфология такрар гьаби | 1 | Такрар гьаби | Цересел классазда каламалъул бут1абазул х1акъалъулъ щвараб лъай рак1алде щвезаби; предложениялъул членалги каламалъул бут1абиги рат1а рахъизе бажари; каламалъул бут1абазул разборал рак1алде щвезари | Карточкаби, суалазе жавабал гьари | Кьурал раг1абазул морфологияб разбор гьабизе |
| 2 | Г1адатаб предложениялъул синтаксис такрар гьаби | 1 | Такрар гьаби лабораторияб х1алт1и | Г1адатаб предложениялъул синтаксис рак1алде щвезаби; г1адатаб предложениялъул разбор гьабун бажари | Муг1алимас кьураб тексталда т1анк1азул бак1алда гьоркьор риччарал х1арпал лъезе, ва гьенир г1адатал предложениязул тайпа ч1езабизе, бихьизабураб предложениялъул разборги гьабизе | «Щай дие авар мац1?» сочинениялде х1адурлъизе, х1алт1ул материал данде гьабизе(цитатал, сипатиял раг1аби, г1умруялдаса мисалал ва ц.) |
| 3 | ***Ругьун гьариялъул сочинение*** «Щай дие авар мац1?» | 1 | Халгьабиялъул | Кьураб темаялда т1асан жиндирго пикру бит1араб сипатияб мац1алдалъун загьир гьабун бажариялъул хал гьаби; жубараб план г1уц1изе бажари; г1араб мац1алде рокьи ц1ик1к1инаби; гьелъул г1умруялда жаниб к1вар бич1ч1и | Сочинениялъе план г1уц1и – цадахъаб х1аракат | «Щай дие авар мац1?» сочинение хъван лъуг1изабизе |
| 4 | Жубараб предложение Жубараб сок1к1араб предложение | 1 | Ц1ияб тема малъиялъул (лекция) | Жубараб предложениялъул х1акъалъулъ авалияб баян лъай; г1адатал предложениял журараллъун лъугьинаризе ва журарал предложениял г1адататазде риххизе бажари | Жубараб предложениялъе кластер г1уц1и | гь.99-101 х1. 172 |
| 5 | Союзалгун ругеб ЖС | 1 | Ц1ияб тема | Журарал предложениязул | т1ехьалдаса х1алт1и | §45 гь. 101-105 |

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | предложение | | малъиялъул: ц1ех-рехалъулаб (исследовательская) х1алт1и | тайпабазул х1акъалъулъ лъай; ЖС предложениялгун союзал х1алт1изариялъул къаг1идаби лъай; гьезул маг1на бич1ч1и | гьит1инабго изложение | х1.177, 179 (ц1алуда хадур гъуразе) |
| 6 | ***Халгьабиялъул сочинение*** | 1 | Халгьабиялъул | бихьизабураб темаялда пикру цебет1еялъул хал гьаби; хъвавулаб каламалъул тартиб ц1унизе, гьелъие план г1уц1изе бажари лъадари | план г1уц1и, сочинениялъул тексталъе сипатияб мац1 ва х1алт1ул материал данде гьаби | сочинение хъван лъуг1изабизе |
| 7 | Союзал гьеч1ел ЖС предложениял | 1 | Ц1ияб тема малъиялъул | союзал гьеч1ел журарал сок1к1арал предложениязул х1акъалъулъ лъазе; гьезул г1уц1и рагьизе | т1ехьалдаса х1алт1аби гьари | §46 лъазабизе , §47 (лъай-хъвай) гьабизе |
| 8 | Союзал гьеч1ел ЖС предложениязулъ запятая ва т1анк1гун запятая | 1 | Ц1ияб тема малъиялъул | союз гьеч1ел журарал предло-жениязулъ запятая ва т1анк1гун запятая лъеялъул баян лъазе; гьединал предложениязул маг1-на бич1ч1и; гьединаб маг1наялъул журарал предло-жениял г1уц1ун бажари; Хъ.р.Мах1мудил г1умруялъул х1акъалъулълъай гъварид гьаби | т1ехьалдаса х1алт1аби гьари | §47 х1.183 гь.111 |
| 9 | ***Ругьун гьариялъул изложение*** | 1 | Халгьабиялъул | изложение хъваялъул бажари лъадари; гьелъул тексталъул пикрияб маг1на рагьи ва сипа-тияб мац1 бат1а гьаби; изло-жениялъе план г1уц1изе лъай | план г1уц1и, изложениялъул текст хъвай | изложение хъван лъуг1изабизе |
| 10 | Союз гьеч1еб ЖС предложениялъулъ к1ит1анк1 | 1 | Ц1ияб тема малъиялъул | союз гьеч1ел ЖС предложениязулъ к1ит1анк1 лъеялъул х1акъалъулъ лъазе; гьединал предложениял г1уц1ун бажаризе; гьезул маг1наялъул рахъ бич1ч1и | т1ехьалдаса х1алт1и | §48 параграф лъазабизе, к1и-т1анк1 лъолеб 5 Жс предложение ургъизе, гьезул разбор гьабизе |
| 11 | ***Халгьабиялъул изложение*** | 1 | Халгьабиялъул | изложение хъваялъул бажари цебет1ей; тексталде г1агарун раг1араб хъваялъул хал гьаби; изложениялъул тексталъул | изложениялъул худ.анализ гьаби; план г1уц1и; текст хъвай | изложение хъван лъуг1изабизе |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | анализ гьабизе лъай борцин, гьелъул пикрияб рахъ рагьи; хъвавулаб каламалъе план хъваялъул бажари цебет1езаби | | |
| 12 | Союзал гьеч1ел ЖС предложениязулъ тире | 1 | Ц1ияб тема малъиялъул | союз гьеч1ел ЖС предложени-язул ишараби лъей рак1алде щвезаби; ЖС предложения-лъулъ тире лъеялъул баян лъай; гьединал предложениязул маг1на бич1ч1и | т1ехьалдаса х1алт1и | §49 лъазабизе, 45-48 такрар гьабизе |
| 13 | Жубараб предложениегун лъалхъул ишараби | 1 | Лъай г1амлъизабиялъул (практикияб) | ЖС предложениязулъ союзал ва бат1и-бат1иял лъалхъул ишараби х1алт1изариялъул лъай щула гьаби; жидецаго цоцазе т1адкъаял ургъун ругьунлъи | Муг1алимас кьураб текст кьокъабаз цоцае кьела бит1унхъваялъул ва ишараби лъеялъул рахъалъ 100 гьалат1гун Гьел х1алт1аби т1ураялъул хал гьаби | Бокьараб авар мац1алда хъвараб художествияб тексталдаса сою-залгун ругел ва союзал гьеч1ел ЖС предложени-язул щибалъе цо-цо мисал хъвазе |
| 14 | Жубараб сок1к1араб предложение | 1 | Практикум | Жубараб предложениялул х1акъалъулъ лъай щула гьаби; тексталъулъ гьеб батизе лъай ва гьелъие анализ гьабун бажаризе | Муг1алимас кьурал т1адкъаял т1урай (жутазда - парабазда) | «Жубараб сок1к1араб пред-ложение» доклад х1адуризе (рища-рал(ц1алдохъабаз) |
| 15 | ***Халгьабиялъул диктант*** | 1 | Халгьабиялъул | Жубараб предложениязулъ лъалхъул ишараби лъеялъул, раг1аби рит1ун хъваялъул хал гьаби | Диктант хъвай | |
| 16 | Жубараб сок1к1араб предложение ва гьебгун лъалхъул ишараби | 1 | Лъай г1амлъизабиялъул | Жубараб предложениялъул х1акъалъулъ лъараб щула гьаби; гьеб лъай к1алзулаб ва хъвавулаб каламалъулъ х1алт1изабун бажари; цадахъ кьокъабазда х1алт1иялъул бажари цебет1ей | Рокьоб х1адурараб доклад гьаби. Кьокъабазда проект г1уц1и «Каламалъулъ жубараб сок1к1араб предложение» | |
| | | | | **2 четверть – 15 саг1ат** | | |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 17 | Журарал нахърилълъарал предложениял. ЖН предложениялгун нахърилълъиналъул рагlаби | 1 | цlияб лъай кьеялъул (лекция) | журарал предложениязул хlа-къалъулъ лъай ракlалде щвеза-би ва гlатlид гьаби; ЖН пред-ложениегун нахър.рагlаби хlал-тlизариялъул хlакъалъулъ лъа-зе; гьединал предложениязул магlна рагьун бажаризе | параграф цlали, тlехьалдаса хlалтlаби гьари | §50 лъазабизе р.соч. «Улкаялъе дир захlмат», журарал предложениял гьоркьоре ккезарун |
| 18 | Нахърилълъиналъул рагlабигун ругел ЖН предложениязулъ лъалхъул ишараби | 1 | цlияб тема малъиялъул (жалго жидедаго чlун хlалтlи) | жидецаго цlияб тема лъазабун ругьун гьари; ЖН предложени-егун ишараби лъезе лъай; цоца-зе кумек гьабиялъул бажари цебетlей | тlехалдаса жидецаго лъазабураб тема тlолгоязе бицин, тlехьалдаса хlалтlаби гьари | §51 лъазабизе хl.191, гь.118 суалазе жавабал лъазе |
| 19 | Нахърилълъиналъул рагlаби гьечlого, ЖН предложениял | 1 | цlияб тема малъиялъул гlадатияб | нахър.рагlаби гьечlого, ЖН предложениялъе баян лъазе; гьелъул гlуцlиялъулаб рахъ рагьизе, магlна бичlчlизе | тlехьалдаса параграф цlалун, бицине жидецаго | §52 хl.193 |
| 20 | Подлежащеелъун тlаджубараб предложение | 1 | цlияб тема лъазабиялъул гlадатияб | тlаджурарал предложениязул тайпаялъе авалияб баян лъай; подлежащеелъун тlаджурарал предложениязе баян лъазе ва гьезул магlна бичlчlизе | тlехьалдаса хlалтlаби гьари | §53 хl.196 |
| 21 | Битlараб дополнениелъун тlаджубараб предложение | 1 | цlияб тема лъазабиялъул гlадатияб | битlараб дополнениелъун тlад-жубараб предложениялъе баян лъазе; подлежащеелъун тlаджу-барабгун гьелъул батlалъи би-чlчlи; битlараб дополнение-лъун тlаджурararалгун ЖН предложениял гlуцlизе бажари | тlехьалдаса рагlи гьитlинабго диктант (гьенир ругел тlаджурарал предложениял ратизе, тайпа хъвазе) | §54 «Дир къо» жидерго къойилаб режим хъвазе |
| 22 | Хъвалсараб дополнениелъун тlаджубараб предложение | 1 | цlияб тема лъазабиялъул гlадатияб | хъвалсараб дополнениелъун тlаджурарал предложениязе ба-ян лъазе; битlараб дополнение-лъун ва подлежащеелъун тlад-жубарабгун гьелъул батlалъи бичlчlи; разбор гьабун бажаризе | тlехьалдаса жалго жидедаго чlун хlалтlи | §55 хl.202 |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 23 | Определениелъун т1аджубараб предложение | 1 | ц1ияб тема лъазабиялъул г1адатияб | определениелъун т1аджубараб предложениялъе баян лъай; определениелъун т1аджубараб предложение причастияб сверелалдаса бат1а гъабизе бажари лъадари | т1ехъалдаса х1алт1и | §56 |
| 24 | Определениелъун т1аджубараб предложениегун лъалхъул ишараби | 1 | ц1ияб тема лъазабиялъул г1адатияб | определениелъун т1аджубараб предложениегун ишараби лъезе лъай; определениелъун т1ад-жубараб предложение причас-тияб сверелалдаса бат1а гъабун бажари; определениелъун т1аджубараб предложение жидецаго г1уц1изе ругьунлъи | гьит1инабго диктант, гьениса зах1малъи ккарал раг1абазе баян кьей | §ц1алараб т1ехъалъе аннотация хъвазе |
| 25 | **Ругьунгьариялъул диктант** | 1 | халгьабиялъул | раг1араб хъваялъул бажари лъадари | диктант хъвай | |
| 26 | ЖН предложениялгун лъалхъул ишараби | 1 | лъай щула гьабиялъул | журарал предложениязулъ иша-раби лъеялъул лъай щула гьаби | проект «Журарал предложениял» | |
| 27 | Т1аджурарал предло-жениялгун ЖН пред-ложениял к1алзулаб ва хъвавулаб калама-лъулъ х1алт1изари | 1 | малъараб щула гьабиялъул | т1аджурарал предложениял к1азулаб ва хъвавулаб каламалъулъ х1алт1изариялъул бажари лъадари; гьезие разбор гьабизе лъай: гьезие г1елмияб характеристика кьей | художествияб текста-лъулъ журарал предло-жениял г1адатазде све-ризари; жидецаго кьу-раб темаялда журарал предложениял г1уц1изе | ***р.сочинение*** бихьараб киноялда т1асан пикру хъвазе |
| 28 | Нахърилълъиналъул раг1аби гьеч1ого, ЖН предложениял | 1 | малъараб г1амлъизабиялъул проектазулаб | нахърилълъиналъул раг1аби гьеч1ого ЖН предложениязул лъай щула гьаби; проектал г1у-ц1иялъул бажари лъадари; ну-хазда хьвада-ч1вадиялъул къа-г1идаби лъазари ва гьел ц1уни – г1умру ц1уни бук1ин бихьизаби | Къокъабазда х1алт1и; журарал нахърилълъа-рал предложениялги гьоркьоре ккезарун «Нухазда ц1одорлъи гьабе» проект х1адури | журарал предложениязул х1акъалъулъ киналго баян рак1алде щвезаризе |
| 29 | Нахърилълъиналъул раг1аби гьеч1ого, ЖН предложениял | 1 | малъараб г1амлъизабиялъул ц1ех-рехалъулаб | къокъабазда х1алт1иялъул бажари лъадари; жубараб предложение тексталда жаниб х1алт1изабиялъул к1вар рагьи; кьураб тесталъул гармматикияб | Къокъабазда х1алт1и: муг1алимас кьураб художествияб тексталъулъ ЖС, ЖН предложениязул | |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | анализ гъабизе ругьунлъи | лъаялда рекъон, таблица ц1езабизе | |
| 30 | ***Халгъабиялъул диктант*** | 1 | халгъабиялъул | жубараб предложениялъул синтаксис лъаялъул ва бит1унхъваялъул лъай борцин | диктант хъвай | |
| 31 | ЖН предложениял | 1 | лъай г1амлъизабиялъул (х1аялъулаб) | журарал предложениязул х1акъалъулъ малъараб г1амлъизаби; кьурал суалазе хехал ва мух1канал жавабал кьеялъе ругьунлъи; къокъаялъул интересазда х1ай цебет1ей | «Щиб? Киб? Кида?» х1ай | |
| | | | | **3 четверть - 21 саг1ат** | | |
| 32 | ЖС ва ЖН предложениял такрар гьаби | 1 | такрар гьабиялъул семинар | ЖС ва ЖН предложениялъул лъай рак1алде щвезаби; каламалъулъ гьел х1алт1изариялъул бажари цебет1езаби | цере лъазарурал баянал рицин; к1алзулаб тест | кьураб текста-лъулъ лъалхъул ишараби ва гьор-кьор риччарал харпал лъезе |
| 33 | Х1алалъун т1аджурарал предложениял | 1 | ц1ияб тема малъиялъул | т1аджурарал предложениязул баянал рак1алде щвезари; х1аллъун т1аджурарл предложениязул х1акъалъулъ авалияб лъай; г1адатал предложениязулъ х1алазул тайпаби рак1алде щвезари | жалго жидедаго ч1ун х1алт1и; муг1алимас кьураб текст хъвай, гьелъул т1адкъаял т1урай | 57 жидецаго лъазабизе |
| 34 | Ишалъул куцлъун т1аджурарал предложениял | 1 | ц1ияб тема малъиялъул | ишалъул куцлъун т1аджубараб предложениялъе баян лъай; гьелъул г1адатияб х1алалдаса бат1алъи бихьизаби; гьеб предложение бук1ин ч1езаби | жидецаго лъазабураб тема цогидазда бич1ч1иледухъ бицин; мисалал рачине | 57 х1алт1и 208 |
| 35 | ***Ругьунгьариялъул изложение*** | 1 | халгъабиялъул | изложение хъвазе ругьунлъи; тексталъе ва жиндирго пикруялъе план г1уц1иялъул бажари лъадари | изложениялъул тек-сталъул грамматикияб ва художествияб ана-лиз гьаби; план г1уц1и | изложение хъван лъуг1изабизе |
| 36 | Бак1лъун т1аджубараб предложение | 1 | ц1ияб тема малъиялъул | бак1лъун т1аджубараб предложениялъе баян лъазе; гьелъул г1адатаб | тема жидецаго бицине; т1ехьалдаса х1алт1аби т1урай | 58 х1.213 кьураб темаялда гьит1инабго |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | предложениялъул х1алалдаса бат1алъи бич1ч1и | | хабар |
| 37 | Заманлъун т1аджубараб предложение | 1 | ц1ияб тема малъиялъул | заманлъун т1аджубараб предложениялъе баян лъазе; г1адатаб х1алалдаса бат1алъи бич1ч1и; г1адатал предложениял х1алалъун т1аджурараалгун ругел ЖН предложениязде сверизаризе бажари лъадари | жидецаго ц1алун, тема бицин т1ехьалдаса х1алт1аби гьари | 59 х1.215 |
| 38 | Г1илла-мурадлъун т1аджубараб предложение | 1 | ц1ияб тема малъиялъул | г1илла-мурадлъун т1аджубараб предложениялъе баян лъазе; гьебгун ЖН предложение ургъизе бажаризе4 г1адатаб предложениялъул х1алалъулгун бат1алъи бич1ч1изе | т1ехьалдаса х1алт1аби | 60 «Нижер мадугьалзаби» абураб хабар хъвазе |
| 39 + | ***Халгьабиялъул изложение*** | 1 | халгьабиялъул | халгьабиялъул изложениялъе материал бак1аризе ругьунлъи; план жидецаго г1уц1иялъул бажари лъадари | жидецаго тексталда т1ад х1алт1и гьабиб план г1уц1и; тексталде г1агарун бицин | изложение хъван лъуг1изабизе |
| 40 | Шарт1ияб т1аджубараб предложение | 1 | ц1ияб тема малъиялъул | шарт1ияб т1аджубараб предложениялъе баян лъазе; цогидал т1аджурарал предложениязулгун гьелъул бат1алъи бич1ч1изе; гьелгун журарал предложениял ургъун бажаризе | т1ехьалдаса х1алт1и к1алзулаб тест, карточкабаздаса х1алт1и | 61 х1.220 |
| 41 | Шарт1ияб т1аджубараб предложение | 1 | малъараб щула гьабиялъул практикум | шарт1ияб т1аджубараб предложение каламалъулъ х1алт1изабун бажари цебет1ей | сураталдасан гьит1инабго сочинение | |
| 42 | Уступительный т1аджубараб предложение | 1 | ц1ияб тема малъиялъул | уступительный т1адж.предложениялъе баян лъазе; гьелгун предложениял г1уц1ун бажаризе | т1ехьалдаса жидецаго параграф лъазаби, суалазе жавабал гьари; т1ехьалдаса х1алт1аби т1урай | 62 х1.223 |
| 43 + | ***Ругьунгьариялъул сочинение*** | 1 | халгьабиялъул | сочинение хъвазе ругьунлъи; кьураб темаялъе х1ажатаб материал данде гьабиялъул бажари лъадари; сочинениялъе | сочинениялъе материал данде гьаби; цадахъго план г1уц1и | сочинение хъвазе |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | г1умруялдаса ва художествияб тексталдаса балагьизе лъай | | |
| 44 | Уступительный т1аджубараб предложение | 1 | лъай гъварид гьабиялъул | уступительный т1аджурарал предложениялгун ЖН предложениял ургъизе бажари лъадари; х1аллъун т1аджурарал предложениялгун лъалхъул ишараби лъезе лъай | карточкаби, тестал т1урай | киналго х1аллъун т1аджурарлгун предложениялгун ругел ЖН предло-жениязе 1-1 мисал ургъизе ва хъвазе |
| 45 | Цо чанго т1аджубарабгун бугеб ЖН предложение | 1 | ц1ияб тема малъиялъул | цо чанго таджубарабгун бугеб ЖН предложениялъул баян лъазе; гьединал предложениязул маг1на ва к1вар бич1ч1изе | т1ехабалдаса х1алт1аби гьари | 63 параграф лъик1го лъазабизе |
| 46 | Цо чанго т1аджубарабгун бугеб ЖН предложениелъул г1уц1и | 1 | лъай гъварид гьабиялъул ц1ех-рехалъулаб (исследовательский) | цо чанго т1аджубарабгун бугеб ЖН предложениялъул г1уц1и лъазе, гьелъие схема бахъизе бажаризе, каламалъулъ х1алт1изабун ругьунлъизе | жутазда (парабазда) х1алт1и: кьурал предложениязул ц1ех-рех гьаби ва х1асила-лъул таблица ц1езаби | 63 х1.225 |
| 47 | ***Халгьабиялъул сочинение*** | 1 | халгьабиялъул | кьураб темаялда бухьараб пикрияб текст хъван бажари цебет1езаби | сочинениялъу материал данде гьаби; жидецаго план г1уц1и, гьеб черновиказда хъвай | сочинение хъван лъуг1изабизе |
| 48 | Цо чанго т1аджубарабгун бугеб ЖН предложениегун лъалхъул ишараби | 1 | малъараб щула гьабиялъул практикияб | цо чанго т1аджубарабгун ЖН предложениялъулъ лъалхъул ишараби лъезе ругьунлъи; гьезул разбор гьаби ва схема бахъизе бажари лъадари | адабияталъул т1ехьалда ругел куч1дузулъ цо чанго т1аджубарабгун бугеб ЖН предложение бат1а гьаби; гьезие схемаби рахъи | |
| 49 | Х1алаллъун т1аджурал предложениял | 1 | малъараб г1амгьабиялъул | х1аллъун т1аджурарал предложениязул тайпазул лъай гъварид гьаби; хъвавулаб ва к1алзулаб каламалъулъ гьелгун интонация бит1ун гьабизе лъай | адабияталъул гьабсаг1ат лъазабулеб асаралъул ц1ех – рехалъулаб анализ гьаби; гьениса х1алаллъун т1аджурарал предложениязе баян | «Ихдал г1алахалда» абураб гьит1инабго хабар ургъизе ва хъвазе |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | кьезе | |
| 50 | ***Халгьабиялъул диктант*** | 1 | халгьабиялъул | хъвавулаб тексталъулъ журарал предложениялгун ишараби лъеялъул бажари борцин | диктант хъвай | |
| 51 | Т1аджурарал предложениязул тайпаби | 1 | лъай щула гьаби | т1аджурарал предложениязул лъай г1амлъизаби; тексталъулъ гьел рат1а гьаризе лъай; гьелгун предложениял г1уц1иялъул бажари лъадари | къокъабазда х1алт1и:«Т1аджурарал предложениязул тайпаби» кластер г1уц1и (щибаб къокъаялъе жиндирго тайпа кьела) | журарал предложениялда т1асан зачёталде х1адурлъизе |
| 52 | Журарал предложениял | 1 | халгьабиялъул зачёт | журарал предложениязул х1акъалъулъ лъай борцин | зачеталъулал т1адкъаял т1урай | пр. мар |
| | | | | **4 четверть – 16 саг1ат** | | |
| 53 | Бит1араб калам | 1 | г1адатияб | бит1араб ва хъвалсараб каламалъул х1акъалъулъ лъай щула гьаби; | бит1араб каламалъул х1акъалъулъ г1елмияб текст г1уц1и | пр. г1уц1. |
| 54 | Хъвалсараб калам | 1 | г1адатияб | бит1араб калам хъвалсаралде ва хъвалсараб калам бит1аралде сверизабун бажари | кьураб тексталда бит1араб калам хъвалсаралде сверизабизе | адабияталъул т1ехалдаса 5 предложение бит1араб каламгун, 5 хъвалсараб каламгун хъвазе |
| 55 | Бит1араб ва хъвалсараб каламалъулъ лъалхъул ишараби | 1 | лъай щула гьабиялъул | бит1араб ва хъвалсараб каламгун ишараби лъезе лъай | кьураб тексталда ишараби лъезе | |
| 56 | Диалог ва цитата | 1 | г1адатияб | диалогалъул ва цитатабазул х1акъалъулъ лъай щула гьаби; художествиял асаразулъ гьел х1алт1изариялъул к1вар рагьи | парабазда х1алт1и: т1аса бищараб махщалил цевет1урав х1алт1ухъанасулгун интервью | художествиял асаразда са 1-2 диалог хъвазе |
| 57 | Диалогазулъ ва цитаталгун лъалхъул ишараби | 1 | лъай щула гьабиялъул | бат1и-бат1иял темабазда диалогал г1уц1изе ругьунлъи | кьурал диалогазулъ ишараби лъезе | |
| 58 | ***Ругьунгьариялъул*** | 1 | халгьабиялъул | бит1араб ва хъвалсараб | диктант хъвай | |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | ***диктант*** | | | каламалъул, диалогалъул ва цитатияб каламгун лъалхъул ишараби лъеялъул бажари борцин | | |
| 59 | Мацlалъул хlакъалъулъ гlаммал баянал | 1 | гlадатияб | авар литературияб мацl, гьеб кинаб группаялъул кколеб ва гьелъул бутlаби лъай; мацlалдехун рокьи цlикlкlинаби; аваразул машгьурал гlадамазул гlумругун лъай-хъвай гьаби | цlалараб текст бициналъул даража борци | гь.145-146 лъазабизе «Гьас дир улка машгьур гьабуна» абураб очерк ургъизе |
| 60 | Авар мацl ва гьелъул диалектал | 1 | гlадатияб | авар мацlалъул диалектазул хlакъалъулъ лъай; художествиял асаразулъ диалектал хlалтlизариялъул магlна ригьи | художествиял текстазулъ диалектал рати ва гьезул магlна баян гьаби | гь 147 лъазабизе диалектияб мацlалда диалог гlуцlизе |
| 61 | ***Халгьабиялъул сочинение*** | 1 | халгьабиялъул | хъвавулаб каламалъулъ жиндирго пикру баян гьабиялъул бажари лъадари | сочинениялъе план гlуцlи | сочинение хъван лъугlизабизе |
| 62 | Фонетика, рагlи лъугьин ва рагlул гlуцlи | 1 | такрар гьабиялъул | фонетика, рагlул гlуцlи ва рагlи лъугьин такрар гьаби; рагlул фонетикияб, гlуцlиялъулаб ва лъугьиналъулаб разборал лъай гlамлъизаби | рагlул разборал гьари | 9 классалъул мацl малъиялъул дарсазда ккарал захlмалъабазда тlасан «Дие бищунго захlмалъана» абураб кlалъай хlадуризе |
| 63 | Морфология ва синтаксис | 1 | такрар гьабиялъул | морфология ва синтаксис такрар гьаби; кьураб темаялда макъала хъвазе ругьунлъи; авар мацlалда рахъулел газета-журналазул, теле передачабазул хlакъалъулъ лъазе | макъала хъваялъул къагlидаялъе алгоритм гlуцlи | «Ихдалил хlал-тlабазде байби-хьана» абураб ма-къала хъвазе (цlалуда хадур гъураз); гьеб те-маялда авар газе-таялда бахъараб макъалаялъе ре- |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | цензия хъвазе (дагъал нахъе ккараз) |
| 64 | ***Халгъабиялъул диктант*** | 1 | халгъабиялъул | жубараб предложениялъул синтаксис лъаялъул; рагӀабазул битӀунхъваялъул хал гъаби | диктант хъвай | |
| 65 | Журарал предложениял | 1 | лъай гӀамлъизабиялъул. проектазулаб | жубараб предложениялда тӀасан лъай гӀамлъизаби; проектал, графикиял схемаби кьураб темаялда тӀасан гӀуцӀун бажари цебетӀей | «Рахьдал мацӀ лъазабиялъул кӀвар» абураб проект гӀуцӀи | |
| 66 | ХӀасил гъабиялъул дарс | 1 | хӀасил гъабиялъул | 9 ва цересел классазда малъаралъе хӀасил гъаби; жиндаго лъараб ва лъазе кӀвечӀеб бицун кӀалзулаб калам гъаби | гара- чӀвариялъулъ жигараб гӀахьаллъи; суалазе жавабал гъари | |
| 67 | Нахътей (резерв) | 1 | | | | |
| 68 | Нахътей (резерв) | 1 | | | | |